


Maladi Kowonaviris 2019 (COVID-19)

Si ou te soti Lachin nan 14 jou ki sot pase yo epi ou gen sentòm yo ki anba a, rele Divizyon Sante Piblik nan 1-888-295-5156.

Ki sa li ye?

- Yon nouvo viris respiratwa yo te idantifye nan Wuhan, Lachin.
- Li ka bay sèten moun gwo maladi ak nemoni.



Ki jan li pwopaje ?

- Nan lè a lè moun touse ak estène
- Lè w gen kontak pèsònèl ak lòt moun, tankou touche ak bay lamèn
- Lè w touche yon objè oswa sifis ki gen viris la sou li, epi apresya ou touche bouch, nen, oswa zye ou



Ki moun ki gen risk?


- Moun ki te ale oswa soti nan sèten zòn Lachin gen plis risk epi moun ki gen kontak pèsònèl ak yo tou
- Risk pou piblik jeneral la ba nan moman an
- Gade nan rekòmasyon konsènan vwayaj Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi a nan wwwnc.cdc.gov/travel

Ki sa sentòm yo ye?

Maladi a ka lejè, oswa nan kèk ka li ka ase grav kote maladi la bezwen entènè lopital. Men kèk sentòm maladi respiratwa sa a: ●

Lafyè

- Tous
- Souf kout



Ki jan moun evite ak trete li?

- Menm jan yo evite lòt maladi respiratwa, tankou lagrip:
 - Lave men souvan
 - Evite touche je, nen, oswa bouch ak men li pa lave
 - Evite gen kontak ak moun ki maladi
 - Rete lakay ou lè ou maladi; evite lòt moun
 - Kouvri bouch/nen ou ak yon sèvyèt papye oswa mach rad ou lè w ap touse oswa estènye
- Pifò moun ki gen maladi kowonaviris lejè ak refè poukont yo lè yo bwè anpil dlo, repoze, ak pran medikaman pou doulè ak lafyè



DELAWARE HEALTH AND SOCIAL SERVICES
Division of Public Health

Pou jwenn plis enfòmasyon, al gade nan dhss.delaware.gov/dph. Rele 302-744-4990 pou pale ak yon epidemyològ pandan lè biwo a louvri. Lè biwo a fèmen, rele 1-888-295-5156.